

Ki sa ki NHANES?

Byenveni nan NHANES. NHANES, oswa sondaj nasyonal sou sante ak nitrisyon, se youn nan sondaj ki gen plis siksè e pi long nan peyi nou! Kòm yon patisipan ki kalifye, w ap resevwa yon egzamen sante ak rezilta egzamen yo, tout gratis, mem pandan w ap ede chèchè konprann pwoblèm sante nan Etazini yo.

Ki jan mwen chwazi ?

Ou ka mande poukisa ou te chwazi ? Ou te chwazi pa chans atravè yon pwosesis statistik ki sèvi avèk resansman popilasyon ameriken. Kòm yon patisipan chwazi a, ou reprezante jiska 65,000 moun menm jan ak ou. Nou pa aksepte volontè pou sondaj nou. Enfòmasyon ou ap enpòtan nan sondaj la e pesonn pa ka ranplase ou.

Ki benefis yo?

An nou pale sou benefis ou lè ou patisipe. Ou pral resevwa yon egzamen sante ak rezilta yo gratis. Egzamen ou baze sou laj ou, sèks, ak aktyèl kondisyon medikal ou. Rezilta yo ap pwobableman ba ou yon foto pi detaye sou sante jeneral ou. W ap tou resevwa lajan pou tan ou.

Kouman pou mwen Patisipe?

Men ki jan ou ka patisipe. Si kay ou te chwazi pou sondaj la, yon anketè pral kontakte ou. Anketè ap detèminen kalifikasyon ou. Si w kalifye, anketè a pral poze w kèk kesyon konsènan enfòmasyon sou sante ou nan kay ou. Lè sa a, yon randevou pral fèt pou yon egzamen sante unik nan etablisman mobil nou yo.

Èske enfòmasyon mwen rete konfidansyèl?

NHANES garanti konfidansyalite ou. Tout enfòmasyon yo jwenn nan entèvyou lakay ou ak egzamen fizik rete an sekirite. Nou pa janm bay enfòmasyon ki ka idantifye ou ak fanmi ou san konsantman ou.

Kouman done mwen itilize?

Done NHANES itilize pou anpil rezon enpòtan pou sante nasyonal. Pa egzanp, ou ka abitye avèk tablo develpman timoun ki nan biwo doktè pou mezire pwa ak wotè timoun. Done NHANES souvan itilize pou idantifye tandans nasyonal sante. Sa gen ladan swiv nan obezite, dyabèt, ak tansyon.

Si ou gen kesyon konsènan sondaj nou ou ta bezwen plis enfòmasyon, tanpri kontakte nou nan nimewo telefòn gratis nou ki ekri sou lèt entwodiksyon ou. Nimewo a se 1-800-452-6115. Nou disponib lendi a vandredi 8:30 AM a 6:00 PM Tan lès.